QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI MOYNAQ RAYONI HA'KIMININ' SHESHIMI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI MUYNOQ TUMANI HOKIMINING QARORI

2018 жыл «12» январь № 01/35 Мойнақ районы

Район аймағында аўыл хожалық хәм мелиоратив техникаларды сондай-ақ, устаханалар хәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техник көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2012-жыл 6-декабрьдеги 345-санлы қарары менен тастыйықланған «Өзбекстан Республикасы Аўыл хәм суў хожалығы министрлигиниң Машина хәм әсбап-үскенелериниң техника жағдайын қадағалаў мәмлекетлик бас инспекциясы ҳаққында»ғы Реже, Өзбекстан Республикасы Аўыл хәм суў хожалығы министриниң 2013-жыл 2-апрельдеги 58-санлы буйрығы менен тастыйықланған «Аўыл хожалығы хәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар хәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Режеге тийкарланып ҳәмде районда 2018-жыл аўыл хожалығы хәм мелиоратив техника, машина-трактор парклери, устаханалар хәм сервис пунктлерин хәр жыллық техникалық көриктен өткериў мақсетинде

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. Райондағы мүлкшилик түриниң қандай болыўына қарамастан, фермер хожалықлары хәм пуқараларда бар болған аўыл хожалығы хәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ, устахана хәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин есапқа алыў хәм оларды техникалық көриктен өткериў кестеси 1-қосымшаға, техникалық көриктен өткериў бойынша комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Районлық аўыл хожалық техникалар бойынша мәмлекетлик техникалық қадағалаў инспекторы (Ж.Жакетов)

Мүлкшилик түриниң қандай болыўына қарамастан барлық маркадағы аўыл хожалық хәм мелиоратив, жол қурылыс техника қураллары, машина әсбап-үскенелерде жыллық техник көриктен өткериў ҳаққындағы кестени юридикалық хәм физикалық шахсларға жеткериў;

Мүлкшилик түриниң қандай болыўына қарамастан барлық маркадағы аўыл хожалық хәм мелиоратив, жол қурылыс техника қуралларын техник көриктен өткериў майданшаларына жыйнаў;

Техникалық көриктен өткен техникаларды баянламалар тийкарында ислеўге рухсат бериўди шөлкемлестириў ўазыйпасы тапсырылсын.

KOSHIRME DURIS

3. Барлық кәрхана, шөлкем, фермер хожалықлары басшылары:

Есапта бар болған аўыл хожалық ҳәм мелиоратив жол қурылыс техникаларын, машина әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў ушын таярлап белгиленген майданшаларға жыйнаў ҳәм техникалық көрикке тийисли төлемлердиң төлениўин тәмийинлеў тапсырылсын.

4. Район ҳәкиминиң орынбасары аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы К.Қазахбаев райондағы кәрхана, шөлкем, фермер хожалықлары ҳәм пуқараларда бар болған аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив жол қурылыс техникаларын машина әсбап-үскенелерин есапқа алыў ҳәм оларда техникалық жағдайын техник көриктен өткериў менен байланыслы болған жыйымларды төлеўге әмелдеги нызамларға тийкар әмелий жәрдем бериў тапсырылсын.

5. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы К.Қазахбаевқа жүклетилсин.

6. Усы шешим «Арал балықшысы» газетасында рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Мойнақ районы ҳәкими:- **С.Данияров**

Мойнақ районы хәкиминиң
2018-жыл « 12 » январь дағы
01/35 -санлы шешимине
1-қосымша

2018-жылда Райондағы мүлкшилик түриниң қандай болыўына қарамастан, фермер хожалықлары хәм пуқараларда бар болған аўыл хожалығы хәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ, устахана хәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин есапқа алыў хәм оларды мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси

№	Аўыл хожалық кәрханалары аты	Тексериў өткерилетуғын күн	Тексериў өткерилетуғын ўақыт	Аўыл хожалық кәрханалар мәнзили	Механизмлер саны	Тексериў өткерилетуғын орын	Ким тәрепинен өткерледи
1.	«Бозатаў» аўыл пуқаралар жыйыны аймағына қараслы мекеме, кәрханалар хәм пуқаралар техникалары	01.02.2018	09:00 -18:00	«Бозатаў» аўыл пуқаралар жыйыны	30	Районлық жол қурылыс кәрханасы устаханасы	Ж.Жакетов Ж.Тажимуратов
2.	«Мәдели» аўыл пуқаралар жыйыны аймағына қараслы пуқарал техникалары	08.02.2018	09:00 -18:00	«Мәдели» аўыл пуқаралар жыйыны	20	«Мәдели» аўыл пуқаралар жыйыны имараты	Ж.Жакетов Ж.Тажимуратов
3.	«Хәким-ата» аўыл пуқаралар жыйыны аймағына қараслы пуқаралар техникалары	15.02.2018	09:00 -18:00	«Хәким-ата» аўыл пуқаралар жыйыны	45	«Хәким-ата» аўыл пуқаралар жыйыны имараты	Ж.Жакетов Ж.Тажимуратов
4.	«Қазахдарья» аўыл пуқаралар жыйыны аймағына қараслы мекеме, кәрханалар хәм пуқарал техникалары	02.03.2018	09:00 -18:00	«Қазахдәрья» аўыл пуқаралар жыйыны	15	«Қазахдәрья» аўыл пуқаралар жыйыны имараты	Ж.Жакетов Ж.Тажимуратов
5.	Район ишинде жайласқан мекеме, кәрхана хәм пуқаралардың техникалары	16.03.2018	09:00 -18:00	«Талы-өзек» мәкан пуқаралар жыйыны	20	Районлық мәмлекетлик тоғай хожалығы кәрханасы	Ж.Жакетов Ж.Тажимуратов

KOSHIRME DURIS

Мойнақ районы ҳәкиминиң
2021-жыл «12» январь күнги
«01/35» санлы шешимине
2- қосымша

Тракторлар, өзи жүрер шассилер, мелиоратив жол-қурылыс техникалары, машиналары, трактор тиркемелерин, устахана ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин мәжбүрий техник көриктен өткериў бойынша районлық комиссия қурамы

Ж.Жакетов	Район Мәмлекетлик техникалық қадағалаў инспекторы, комиссия баслығы

Комиссия ағзалары

К.Казахбаев	Районлық аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы
Ж.Нурымбетов	Бозатаў АПЖ баслығы
З.Көбжанов	Ҳәким ата АПЖ баслығы
М.Абубакиров	Мәдели АПЖ баслығы
Б.Қалжанов	Тик-өзек АПЖ баслығы
Б.Керимбердиев	Қазах-дәрья АПЖ баслығы
С.Жүсипалиев	Үш сай АПЖ баслығы

Фермер хожалықлары баслықлары

Еслетпе: Усы комиссия ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда орнына келген шахс комиссия ағзасы болып есапланады.